

10 konsèy pou ou byen sèvi ak sipò vizyèl

Sipò vizyèl se zouti ki gen anpil enpòtans pou nenpòt sitiyasyon aprantisaj. Pou aprenan vizyèl yo sipò vizyèl se bon mwayen ki pèmèt yo kapte enfòmasyon pi byen. Sepandan lè **genyen anpil sipò vizyèl** sa pa vle di moun ap **aprann plis** pou sa. Men 10 konsèy ou bezwen sonje konsènan itilizasyon sipò vizyèl.

1. **Aprenan vizyèl yo bezwen wè nouvo bagay y ap aprann.** Nan mezi ou kapab prezante enfòmasyon yo sou fòm vizyèl avèk mo. Tout aprenan renmen wè epi tandem enfòmasyon pou yo ka fè kichòy avèk yo. Sa vle di li ka nesesè pou ou prepare davans kèk enfòmasyon sou fòm grafik ak lòt materyèl.
2. **Mete sou kote materyèl ou p ap itilize.** Sal la pa oblige ranpli ak grafik ak papye. Sèlman kenbe anba je ou eleman ou gen pou fè referans ak yo ak sa yo ou gen pou ou itilize. Sipò vizyèl se pa **mi ki ranpli ak papye** pou fè sal la bèle. Sèl objektif sipò vizyèl yo se pou yo ede moun aprann pi byen.
3. **Sipò vizyèl yo ta dwe ede nan pwosesis aprantisaj la.** Si gen yon bagay ki pa jwe wòl sipò oubyen èd pou aprantisaj la, petèt ou pa bezwen li.
4. **Sèvi ak divès kalite sipò vizyèl.** Sipò vizyèl yo ka prezante oubyen ta dwe prezante sou plizyè fòm: grafik, zouti, objè moun ka manye, feyè, elatriye. Li enpòtan pou ou chwazi kalite sipò vizyèl k ap mache pi byen ak aktivite w ap fè a. Fòmatè oubyen aprenan kapab kreye sipò vizyèl yo tou.
5. **Mwens se plis.** Puiske sipò vizyèl yo ta dwe ede aprantisaj la fèt pi byen, ou sèlman bezwen sa ki pi enpòtan yo. Lè ou sèvi ak twòp sipò vizyèl aprenan yo ka santi yo depase oubyen yo ka tonbe nan konfizyon. Twòp sipò vizyèl sou mi se tankou yon **bri vizyèl** e li ka distrè aprenan yo.
6. **Sèvi ak koulè fonse sou koulè leje.** Lè w ap ekri sou gwo fèy papye oubyen lè w ap pataje sipò vizyèl ak yon gran gwoup, lèt yo bezwen parèt fonse pou moun kapab wè yo san pwoblèm. Koulè ki pi bon pou ou itilize se koulè nwa ak koulè ble fonse.
7. **Fè lèt yo gwo.** Ekri ase gwo pou tout gwoup la ka wè.
8. **Itilize mo ak foto.** Aprenan vizyèl yo vle epi yo renmen wè mo ak imaj. Sèvi ak 2 mwayen sa yo pou rann sipò vizyèl yo ak aprantisaj la pi enteresan pou aprenan yo.
9. **Prepare ou.** Li nesesè pou ou genyen tout sipò vizyèl ou yo prepare **davans**. Si tout sipò vizyèl ou yo pare avan seyans lan, ou p ap gaspiye tan an, w ap parèt tankou yon moun ki disipline, w ap santi ou gen plis kontwòl de sa w ap fè. Si gen yon bagay ki bezwen ekri oubyen anrejistre pandan dewoulman fòmasyon an, ou ka mande moun k ap fè fòmasyon an avèk ou a pou li ba ou yon kout men, konsa ou pa ta oblige bay aprenan yo do.
10. **Fè bon mizanplas.** Metrize seyans lan ak sa ou genyen pou ou anseye. W ap an mezi pou ou konsantre ou nèt sou aprenan yo ak sou sa y ap aprann si ou genyen tout sa ki nesesè, si ou gen sal la prepare jan ou vle l la, si tout sipò vizyèl ou yo pare davans.